



Tèminoloji Enpòtan

Men kèk tèm ki ap pèmèt ou abitye avèk sijè nou ap trete a:

Kapasite Adaptif - Kapasite yon aktif genyen pou adapte oswa fè fas ak risk yo.

Aktif - Sistèm debaz, kategori pwopriyete byen presi, sèvis, fòs ekonomik, moun/sosyo ekonomik ak enfrastrikti ki twouve yo toupatou nan kominote a. Pa egzanp: lekòl, wout, pon, liy anba tè pou distribisyon dlo ak elektrisite, pwopriyete minisipal, rezidans, antrepriz.

Echèl Sektè Resansman - Yon zòn jeyografik Biwo Resansman Ameriken an (US Census Bureau) itilize pou kolekte epi evalue done (foto).

Menas Klimatik - Evènman ki gen gwo risk oswa boulvèsman kwonik ki gen enpak negatif sou aktif kominote a.

Kat Ekspozisyon - Analiz Espasyal anrapò ak kote aktif yo menase yo.

Lojisye Enfòmasyon Jewospasyal - Zouti Enfòmasyon yo itilize pou estoke, vizyalize, analize epi entèprete done jeyografik. An jeneral, yo parèt sou fòm kouch nan yon kat.

Rediksyon - Metòd pèmanan pou diminye gravite yon enpak grasa teknoloji ak enfrastrikti. Egzanp rediksyon inondasyon: planifikasyon ak separasyon zòn, pwoteksyon plèn ki inonde, sansibilizasyon piblik.

Sansibilite - Entèval oswa degre sou fason yon aktif kapab menase.

Egalite Sosyal - Kapasite pou tout manm nan kominote a pwospere yon fason ki egal grasa planifikasyon ak aksyon kolektif.

Risk - Karakteristik menas epi aktif yo itilize pou endike nivo pwobabilite yon evènman klimatik ansanm ak enpak ki asosye avèk li.

Vilnerabilite - Rezilta yon analiz ak evalyasyon entèseksyon sou plizyè karakteristik aktif yo itilize pou endike nivo sansibilite, enpak potansyèl ak kapasite adaptatif.